CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #७९

११ ।८ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## होम आईसोलेशनमे रहल संक्रमितसभके स्थानीय तह मार्फत "आईसोलेशन किट" उपलब्ध कराएल जेतै

### आईसोलेशन किट प्राप्त करवला लक्षित समुह:

गर्भवती जनानी, ६० वर्ष उपरके व्यक्ति, दिर्घरोग भेल आदमीसभ (मधुमेह, हृदयरोग, क्यान्सर, मृगौला सम्बन्धी समस्या, कलेजो सम्बन्धी समस्या, क्यान्सर प्रभावित व्यक्तिसभ)

### आईसोलेशन किटके सूची:

**मेडिकल मास्क**
*१४ दिनतक बिमार आ देखभाल करवला व्यक्ति कलक दैनिक ६ टा के दर सँ ८४ टा*

**१/१ टा थर्मोमिटर आ पल्स अक्सिमिटर**
*आईसोलेशन समय खतम भेलापर साफ कलक स्वास्थ्य संस्था या तोकलगेल स्वास्थ्यकर्मीके फिर्ता कर पड़त*

**संक्रमण रोकथाम तथा नियन्त्रण पर्चा आ अस्पताल जाय पड़वला अवस्था सम्बन्धि पर्चा**
*१/१ थान*

**हात साफ करवला स्यानीटाईजर**
*२५० मिलिलिटरके १ बोतल*

**पारासिटामोलके गोटी**
*४२ टा गोटी*

**टिस्यु पेपर आ पञ्जा**
*१/१ डिब्बा*

**स्वअनुगमन फारम**
*दिनके दु बेर अनुगमन कर पड़त*

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1HcOJ3rx41tYGzXuSObgO5LfKGDz6D5kR/view

## नेपाल अपडेट




काभ्रेके बनेपामे कक्षा १२ के परीक्षमे सहभागी होबवला विद्यार्थीके बोखार जाँच करैत ।

चित्र: केशवराज पौडेल

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: १७,००,०००


पोजेटिभ: २,२७,६४०

उपचाररत: १६,७९३

मृत्यु : १४१२

सन्चो भएका : २,०९,४३५






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



सरकारद्वारा सार्वजनिक खर्चमे मितव्ययिता कायम कर सम्बन्धि मापदण्ड अनलाके बाद आब कोभिड - १९ के रोकथाममे खटल कर्मचारीके जोखिम भत्ता सेहो कटौती भेल छै ?

सार्वजनिक निकायमे कार्यरत सब कर्मचारीके लिबास खर्च, महंगी भत्ता आ स्थानीय भत्ता पहिले जेहने पाओत । लेकिन, सार्वजनिक निकायमे कार्यरत सब कर्मचारीके प्रोत्साहन भत्ता, अतिरिक्त समयमे काम करके एबजमे भत्ता, जोखिम भत्ता, खाना या नास्ता खर्च लगाएतके भत्ता नै देब कहितो, कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथामके लेल प्रत्यक्ष रुपमे लाईगक अग्रपंक्तिमे काम करहल चिकित्सक तथा स्वास्थ्यकर्मीके मुदा ऊ भत्ता पहिले जेहने पाओत ।


स्रोत: https://cutt.ly/KhoAYmh



सरकारद्वारा देब कहने व्यवसायिक कर्जा पाबके योग्यता कि छै ?

कोभिड - १९ सँ प्रभावित व्यवसायी व्यवसायिक कर्जा पाओत । तेहन व्यवसाय नेपाल सरकारके कोनो भी निकाय मे दर्ता भेल, नियमित नविकरण भेल आ कर्मचारीके संख्या न्यूनतम ५ कोई भेल होब पड़त । साथे आ.व. २०७६/०७७ के साउन सँ फागुन अन्त तक नियमित मजदुरी या तलब दऽरहल या अग्रिम आयकर कटाक दाखिला केने होबके चाही । पिछला आर्थिक वर्षके लेखा परिक्षण भेल आ कर चुक्ता प्रमाणपत्र लेल होब पड़त आ कर्मचारीके तलब बैंक खातामे जम्मा कऽक देने होब पड़तै ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2020/11/wages-and-salary-compensation-manual-2077.pdf



अखन ८५ प्रतिशत सँ बेसी कोरोना संक्रमित घरेमे एकान्तवासमे रहिरहल अछि कहैत छै । हुनकासभके निगरानी तथा रेखदेख कर सँ सरकार पाछु हटले छै ?

ओई बातके ध्यानमे राखैत घरेमे एकान्तवासमे रहल व्यक्तिसभके निगरानी आ देखभाल कर सरकार स्थानीय तहके हरेक टोलमे एकटा समुह गठन कर निर्देशन देने छै । हरेक समुहके बेसीमे ५० घरके निगरानी कर पड़तै । कोनो टोलमे ५० सँ बेसी घर भेलापर दोसर समुह गठन कर पड़त । ऊ समुहसभके टोल विकास समिति, क्लब, उपभोक्ता समिति या गुठी मार्फत सञ्चालन हेतै । ओई समुहसभके सम्पूर्ण प्रगती तथा चुनौती सहितके नियमित प्रतिवेदन वडा अध्यक्षके बुझाव पड़त ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1L4SmmCha-Fzm8FZl9dsJGcDHdX_q-Frd/view



अखन स्थानीय तहद्वारा संकलन कऽरहल बेरोजगारके सूचिमे नै पड़वला रोजगार कार्यक्रममे सहभागि होब नै पाओत ?

हरेक गाउँपालिका तथा नगरपालिकाके अपन-अपन क्षेत्रके बेरोजगार व्यक्तिके विवरण सुचिकरण प्रकृयाके सम्पूर्ण चरण पुरा कऽचुकल फारमके विवरण रोजगार व्यवस्थापन सूचना प्रणाली (EMIS) मे अनिवार्य राख पड़त । एना सूचिकृत भेल बेरोजगार व्यक्तिके संख्याके आधारमे श्रम, रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षा मन्त्रालय सशर्त अनुदान निकासा करैत अछि । तसर्थ रोगार कार्यक्रममे सहभागी होब चाहबला व्यक्तिके अपन-अपन स्थानीय तह सँ संकलन होबवला बेरोजगारके सूचीमे सूचिकृत भेनाई अनिवार्य छै ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2210

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,५६,०६७ संक्रमित | १,४१,२१७ संक्रमित | ८६,१८५ संक्रमित | १,३७,८५१ संक्रमित | १,६२,६६२ संक्रमित | १,२२,५७९ संक्रमित | ६०,७५२ संक्रमित | ३२,३१८ संक्रमित |
| ५,२५० नेपाली संक्रमित | २,१५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २७,४१२ नेपाली संक्रमित | ४,५०० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २७ नेपाली संक्रमित |
| ८४ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## यूएई, ओमान आ कुवेतमे लागु भेल नयाँ नियमसभ

### यूएई

४९ अम् राष्ट्रिय दिवसके अवसरमे डिसेम्बर २ तारिख सँ लागू होई तेना कसब प्रकारके यातायात सम्बन्धी जरिवानासभमे ५०% छुट देल जायवला छै । अज्मानमे २३ नोभेम्बर सँ पहिले तोकलगेल जरिवानासभ अईमे सामिल हेतै ।

हरेक ठंढा मौषममे फुरेरामे वनभोज अभियान लगाएतके काजसभ होईत छै । लेकिन, ठंढा मौषमके प्रारम्भ होईतो अई वर्ष एहन कार्यक्रमसभ नै कर कहलगेल छै । जँ एना केलौ त कारवाही होएत ।

### ओमान

ओमनि रियालके अपमान केलापर या एहन काम कलक सामाजिक सञ्जालमे पोष्ट केलापर या एहन केने पता लगलापर ५०० ओमनि रियाल (लगभग १ लाख ५० हजार नेपाली रुपैंया) जरीवाना तिर पड्त।

### कुवेत

नेपालीक लेल कुवेत सँ नेपालके लेल १४५ केडी किराया कायम कएलगेल छै ।
डिसेम्बर १० सँ घरेलु कामदारके कुवेत फिर्ता लएजेनाई शुरु करके तैयारी भरहल जानकारीमे आएल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# कोरोना मुक्त भएकी ७२ बर्षिया बृद्धाको अनुभव - दिर्घरोग भएपनि आत्तिनु हुदैन



वर्तमान मानव जीवनके हरेक पक्षसभ जेना: स्वास्थ्य, शिक्षा तथा व्यवसाय कोनो नै कोनो रुपमे ईन्टरनेट सँ जुटल छै । तसर्थ, ईन्टरनेटसँ जुटल मानव अधिकारके हरेक पक्षके विद्युतिय अधिकारके दायरा भितर राखल जासकैय । एहिबीचमे ईन्टरनेट एकटा सञ्जाल निर्माण करके महत्वपूर्ण माध्यम बनल छै । तहिना कलक राजनीतिक तथा सामाजिक विषयपर बहस करके आसान माध्यम सेहो बनल छै । विद्युतिय अधिकारके एकटा पक्ष व्यक्तिके अभिव्यक्ति स्वतन्त्रतासँ जुटल छै त, दोसर पक्षके अनलाईन गोपनियता, विद्युतिय सुशासन सँ सेहो जोड्कि देख सकैछी । एना देखला सँ विद्युतिय अधिकारके दायरा सेहो डिजिटल प्लेटफर्मके बढ्त उपयोग आ एकर माध्यमसँ होबवला अन्तरसम्वादसँगे बैढ्रहल छै ।

डिजिटल अधिकारके सुनिश्चित करवला संवैधानिक प्रावधान मे सँ सामान आ सूचनामे पहुँच सम्बन्धी अधिकार, ईन्टरनेटमे अभिव्यक्ति स्वतन्त्रताके अधिकार, विद्युतिय माध्यममे गोपनियताके अधिकार, विद्युतिय तथ्यांक संरक्षणके अधिकार (व्यक्तिगत आ व्यवसायिक तथ्यांक, सञ्चार सामाग्रीके संरक्षण) आ आवद्धताके स्वतन्त्रता (जनसांख्यिकी, राजनैतीक मुल्य आ मान्यता अथवा तेहने तरहके समुह मार्फत होबवला आवद्धता) के किछ प्रमुख प्रावधानके रुपमे लेल जालसकैय ।

### विद्युतिय अधिकार आ कोभिड - १९

कोभिड - १९ सँ सब तरहके विद्युतिय अधिकार, मानव अधिकार आ नागरिक स्वतन्त्रताके मुद्दाके एकदमे जटिल अवस्थामे पहुचादेने छै । सेप्टेम्बर ११ के आतंकवादी आक्रमण अथवा विश्वके बहुतोरास देशमे भलरहल गृह युद्धसँ राज्य सञ्चालनमे बाधा पहुचा रहल हमसभ देखिरहल छी । एहन अवस्थामे नागरिकके सेहो राज्यके नियमनकारी पहलके स्वीकार करके चाही । नेट फ्रिडम अन नेट द्वारा प्रकाशित प्रतिवेदनमे सेहो कोभिड - १९ महामारीके समयमे राज्यके दिस सँ तीनटा स्वभाबके बारेमो उल्लेख कएलगेल छै ।

१. राजनीतिक नेतृत्वके महामारीके सार्वजनिक सूचनाके पहुँचके अंकुश लगाबके अवसरके रुपमे लेने छै । कम्तिमे सेहो विश्वके १३ टा देशसभ ईन्टरनेट सेवा बन्द कलक अपन नागरीकके विद्युतिय अधिकारके हनन् केने अछि ।

२. कोभिड - १९ के बहानामे राज्य प्रविधिके प्रयोग कलक निगरानी बढेने छै । कम्तिमे सेहो विश्वके ३० टा देश अपन नागरिकके निगरानी कर दुरसञ्चारके माध्यमसँ ट्यापीङ करहल छै ।

३. प्राय सरकार सिमामे होबसकवला सूचना प्रवाहमे रोक लगाब अपन अलगे सूचना प्रविधिके प्रयोग करहल अछि । एना देखला सँ देशसभ विद्युतिय सार्वभौमसत्ताके अवधारणके बारेमे आवाज उठाब लागल अछि ।

फ्रिडम अफ नेट २०२० के प्रतिवेदन अनुसार, कोभिड-१९ सँ ईन्टरनेटमे होबवला अभिव्यक्ति स्वतन्त्रता आ गोपनियताके मुद्दाके १० वर्ष पछाडी धकेलतै । नेपालमे सेहो मोबाईलके माध्यम सँ अवस्थाके ट्र्याक करबला एप्लिकेशनके संख्यामे बृद्धी भरहल छै । राज्यके अंगसभ जेना: नेपाल प्रहरी, नेपाली सेना आ आरो सरकारी संस्थासभ सेहो एहन प्रविधि उपयोग केने भेटै छै । प्रेस काउन्सिलके प्रतिवेदनके आधार मानबै त, गलत आ भ्रामक समाचार प्रकाशित करवला १७ टा अनल(ईन समाचार माध्यमके ऊ कारवाही स्वरुप बन्दे कल देलकै त ३७ टा सञ्चार माध्यमसँ स्पष्टिकरण मांग केलकै ।

*ई विषयवस्तु अधिवक्ता सन्तोष सिग्देलसँगे कएलगेल बातचितके आधारमे तैयार कएलगेल छै ।*

accountabilitylab NEPAL

# बेरोजगारके रोजगारीके अन्तिम विकल्प वैदेशिक रोजगारे छै त ?

ज्वालामुखी गाउँपालिका वडा नम्बर ५ रहबाली ३३ वर्षिया कल्पना तामाङ साधारण लिखपढ मात्रे केने छथि । व्यवसाय कर आर्थिक अवस्था सेहो कमजोर आ नौकरी कर पढाई नै भेलाके बाद परिवार चलाब दिक्कत भेलै । तै पर सँ घरवलाके सेहो बढिया नौकरी नै भेलाके बाद दुटा धियापुताके पढाई( लखाई सेहो रोकके अवस्था आबि गेलै । हुनकालग वैदेशिक रोजगारी एकटा विकल्प बाँकी छलै । परिवारके हाथमुह जोड् आ धियापुताके पढाबके सपना पुरा कर ऊ २०७१ सालमे वैदेशिक रोजगारीके सिलसिलामे कुवेत गेलीह ।

शुरुके किछ समय घरके देखभालके लेल गेल कल्पनाके सम्झौता अनुसारके सेवा सुविधा भेटलै । लेकिन, १ वर्षके बाद घरमालिक बच्चाके देखभाल बढिया सँ नै केने आरोप लगाब, तलब नै देब लागल । जेनातेना २ वर्ष ६ महिना कुवेतमे बितेलाके बाद घर फिर्ता एलिह । घरके जरुरत पुरा कर बेटाबेटीके छोईड्क विदेश गेल कल्पना तखन छल सँ खसल जेहन भेलिह, जखन घर पहुचलापर घरवला दोसरे विवाह केने पता चललै । तेकर बाद ऊ गामेघरमे जोगाड् कलक बेटाबेटीके पालके आ पढाईलिखाई कराबके निर्णय केलिह । अखन कल्पनाके बेटी ७ कक्षामे पढि्रहल छै त, क७७ कचुकल बेटाके आरो शिक्षादिक्षा देबके सामर्थ्य आब हुनकामे नै छै । बेटाके शहरमे काम करैत पढ्के व्यवस्था मिलादेबके लेल आग्रह सेहो नै केने नै छथि । लेकिन, कोरोना महामारीसँ उहो विकल्प सेहो रुकिगेलै ।

आब एउटा विकल्प फेर बेटाके वैदेशिक रोजगारीमे पठाबके छै । लेकिन, कल्पना वैदेशिक रोजगारीमे बेटाके पठाब नै चाहैत छथि । अपन नियति बेटाके नै भोग परे कहिक ऊ सचेत छथि । स्थानीय सरकार किछ सहयोग करत कि से आशा सेहो छै हुनका मे । लेकिन, स्थानीय सरकार केकरा रोजगारी देतै ? रोजगारीमे जुटके प्रकृया कि छै कल्पनाके किछ नै बुझल छै ।




कि सरकारद्वारा आनलागल रोजगार कार्यक्रममे कल्पना जेहन आर्थिक अवस्था कमजोर भेल बेरोजगारसभ नै अटाओत ? कल्पना जेहन कमजोर आर्थिक अवस्था भेल व्यक्तिके सरकारद्वारा देब कहने रोजगार कार्यक्रममे जुट कि कर परतै ?

सही सूचना

# नेपालमे दैनिक जाँचके संख्या घटै्त जेनाई चिन्ताजनक

## नोभेम्बर महिना भैरमे नेपालमे कएलगेल दैनिक पिसिआर परीक्षणके संख्या





उपरका रेखाचित्रमे नोभेम्बर महिना भैरमे नेपालमे कएलगेल दैनिक पिसिआर परीक्षणके संख्याके देखाएल गेलछै । विगतमे बहुतोरास सञ्चार माध्यममे प्रकाशित भेल आंकडाके देखबै त, जाँच भेल मे सँ करिब २० प्रतिशतमे कोभिड - १९ के संक्रमण पुष्टि भेल छै । लेकिन, उपरके रेखाचित्रमे जम्मा जाँचके संख्या किछ घटल देखल जालसकैत छै । नेपालमे कोभिड - १९ के संक्रमण नियन्त्रण कर तत्काल दैनिक परीक्षणके दायरा बढेनाई जरुरी छै । किया कि, जाँच नै भेल संक्रमित सँ संक्रमण होबके जोखिम बेसी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219